



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE PLAN POU RETIRE NEW YORK SOU POZ

Plan an pral travay pou kontwole pousantaj enfeksyon, ranfòse sistèm swen sante a ak ogmante tès yo avèk èd gouvènman federal la pandan l ap etabli yon retou ekonomik pou yon "Nouvo Nòmal"

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a yon plan pou retire New York sou poz, pou pèmèt moun yo tounen travay epi fasilite izòlman sosyal la san deklanche yon nouvo pwopagasyon viris la. Plan final la pral aplike nan kowòdinasyon avèk lòt eta yo nan konsèy ant plizyè eta a.

1. **Pa fè mal** - Premye etap la se kontinye kontwole pousantaj enfeksyon an. Sa gen ladan pwolonje òdonans poz New York la jiska 15 me epi aplike mezi anplis pou redui pousantaj enfeksyon, ki gen ladan obligasyon pou itilize mask nan piblik lè distans sosyal la pa posib.
2. **Ranfòse sistèm swen sante a** - Dezyèm etap la se kontinye estrateji gwo ranfòsman ak fleksibilite pou garanti nenpòt moun ki gen bezwen medikal jwenn li, ranfòse estòk estratejik PPE ak lòt ekipman medikal epi pataje resous yo ant eta yo ak lokalite yo.
3. **Tès ak swivi kontak** - Pi bon zouti pou enfòmè desizyon yo ak kalibre pwogrè nenpòt reouvèti pwogresif ekonomi an se atravè dyagnostik ak tès antikò. Eta yo bezwen pou gouvènman federal la asosye avèk efò sa a epi pèmèt li fèt sou gwo anplè ki nesèsè. Avèk èd yon lame investigatè, swivi kontak yo dwe fèt pou ede limite pwopagasyon viris la.
4. **Retou pwogresif nan "Nouvo Nòmal"** -
 - *Evalye risk selon endistri*: Apwòch 'Retire New York sou Pòz' (Un-Pause NY) la fèt pou louvri biznis yo nan faz priyorite. Biznis ki konsidere "pi esansyèl" yo avèk risk ki ba ladan yo pou gen enfeksyon nan espas travay la ak pou kliyan yo pral gen priyorite, answit ap gen lòt biznis ki konsidere "mwens esansyèl" yo oswa sila yo ki prezante plis risk pou pwopagasyon enfeksyon. Pandan pousantaj enfeksyon an ap bese, rit pou relouvri biznis yo pral ogmante.
 - *Prekosyon ak pratik pou biznis yo konsidere pou gide retou pwogresif la nan "nouvo nòmal"*.
 - Transpò: Asire anplwaye yo gen mwayen pou transpò san danje (sa vle di mask, gan pou transpò piblik) oswa egzijè teletravay/travay depi lakay.

- Espas travay: Asire espas travay yo fèt pou ajoute mezi distans sosyal yo (sa vle di biwo yo gen yon distans sis pye, sal konferans ki reyamenaje), teletravay pou sila yo ki kapab ak ki pi vilnerab.
- Entèraksyon ak kliyan: Asire mezi ki fèt pou garanti mwens kontak avèk kliyan, garanti anplwaye k ap entèraji ak piblik la gen ekipman pwoteksyon nesèsè tankou gan, mask, elatriye). Prekosyon espesyal yo dwe pran pou biznis ki entèraji prensipalman avèk popilasyon ki pi vilnerab yo.
- Plan enfeksyon pwoaktif: Asire gen pwotokòl anplas nan ka yon anplwaye ta afiche sentòm COVID-19 yo oswa teste pozitif (sa vle di, plan pou travay depi lakay)

"Kounye a ke nou te montre nou ka bese koub la epi efò nou yo pou kontwòle pwopagasyon viris la ap mache, nou dwe konsantre sou yon plan entèlijan, efikas pou retire New York sou poz", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Premye pati nan plan an se pa fè mal - anpeche pousantaj enfeksyon sa a monte nan tout fason ou kapab epi pa pèdi pwogrè ke nou te fè. Dezyèm pati, kounye a ke nou gen kèk estabilite nan sistèm swen sante nou an apre anpil aktivite nan semèn long yo, nou kontinye ranfòse sistèm sa a ak ogmante tès ak swivi kontak pou idantifye sila yo ki malad ak izole yo pou yo pa transmèt viris la bay lòt. Answit nou ka konsantre sou prepare yon retou ekonomik pwogresif nan nouvo nòmal la - men nou bezwen pou tout aktivite yo ap fèt nan menm moman pou plan nou pou retire New York sou poz la mache."

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)